

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun mikanyaho jeung ngadéskrisikeun kasalahan éjahan siswa kelas IX SMP Laboratorium Percontohan UPI Taun Ajaran 2013/2014. Dumasar kana hasil analisis data, tétéla kapanggih yén masih loba kénéh siswa anu ngalakukeun kasalahan éjahan dina nulis warta. Éta kasalahan téh ngawengku kasalahan (1) makéna aksara, (2) nuliskeun aksara, (3) nuliskeun kecap, (4) nuliskeun unsur serepan, jeung (5) makéna tanda baca.

- a. Kasalahan dina makéna aksara anu kapanggih, nyaéta kasalahan makéna vokal é, e jeung eu, aya 101 (43,72%). Patukeurna vokal e jeung é aya 88 kasalahan (87,13%); patukeurna vokal e jeung eu, aya 10 kasalahan (9,90%); patukeurna vokal eu jeung e aya 2 kasalahan (1,98%); jeung patukeurna vokal é jeung e aya 1 kasalahan (0,99%).
- b. Kasalahan nuliskeun aksara aya 83 (35,93%) kasalahan, anu ngawengku kasalahan nuliskeun aksara gedé aya 33 kasalahan (39,76%) jeung kasalahan nuliskeun aksara condong aya 50 kasalahan (60,24%).
- c. Kasalahan nuliskeun kecap anu kapanggih aya 26 (11,26%) kasalahan anu ngawengku kasalahan nuliskeun: (1) angka jeung lambang bilangan aya kapanggih 7 kasalahan (26,92%); (2) kecap pangantét aya kapanggih 13 kasalahan (50%); (3) kecap rundayan aya kapanggih 5 kasalahan (19,23%); jeung (4) kecap sulur aya kapanggih 1 kasalahan (3,85%).
- d. Kasalahan nuliskeun unsur serepan anu kapanggih aya 7 kasalahan (3,03%).
- e. Kasalahan makéna tanda baca anu kapanggih, aya 14 (6,06%) kasalahan, anu ngawengku kasalahan makéna: (1) tanda titik, aya kapanggih 7 kasalahan (50%); (2) tanda kecenteng aya kapanggih 4 kasalahan (28,57%); (3) tanda geret aya kapanggih 2 kasalahan (14,29%); jeung (4) tanda pisah aya kapanggih 1 kasalahan (7,14%).

Dumasar kana data kasalahan nu aya, kasalahan anu panglobana dilakukeun ku siswa téh, nyaéta kasalahan makéna aksara. Kasalahan makéna aksara jumlahna téh aya 101 kasalahan, anu sakabéh kasalahanna téh mangrupa kasalahan makéna vokal é, e, jeung eu.

5.2 Saran

Dumasar kana hasil panalungtikan aya sababaraha saran nu perlu ditepikeun.

a. Pikeun guru

Parasiswa masih kénéh patukeur dina nuliskeun vokal é, e, jeung eu. Éta hal téh bisa dijadikeun cecekelan pikeun guru basa Sunda sangkan leuwih jero deui ngajéntrékeun vokal é, e, jeung eu. Teu ngan saukur nepikeun matérina, tapi ogé dina prak-prakanana. Dina pangajaran nulis, hasil nulis siswa lain ngan saukur dipeunteun, tapi ogé dipariksa tuluy dioméan ku guru kalayan dituliskeun catetanana keur siswa. Éta hasilna téh tuluy dipulangkeun deui ka siswa sangkan siswa nyaho, yén éjahanana masih kénéh aya nu salah. Ku kituna, pangajaran éjahan kudu diajarkeun leuwih jero deui, sangkan parasiswa bisa ngagunakeun basa Sunda anu bener tur merenah anu saluyu jeung palanggeran éjahan basa Sunda dina nyieun tulisan, boh sipatna fiksi boh nonfiksi.

b. Pikeun siswa

Siswa kudu leuwih merhatikeun deui éjahan dina tulisanana, boh dina tulisan fiksi boh nonfiksi.

c. Pikeun masarakat

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré informasi ngeunaan kasalahan éjahan anu dipilampah ku siswa kelas IX SMP Laboratorium Percontohan UPI Taun Ajaran 2013/2014, anu saterusna mudah-mudahan ieu panalungtikan téh bisa dimangpaatkeun pikeun pangajaran katatabasaan jeung pangajaran nulis.